

Léeboon !

Lippoon !

Amoon na fi !


Daan na am.

Ba mu amee, yéen a ko fekke ?

Yaa wax nu dégg !



Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 3 29/09/2021 15:29






Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 4 29/09/2021 15:29


Lëg, xëy na suba teel,
génn xunt ma mu dëkk.

Bukki bu xiif romb fa.





Mu gis ne xuntum Lëg,
kenn nekku ci.





Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 8 29/09/2021 15:29

Bukki yaakaar, ne :
« Rabu àll dina fi fanaansi téy.
Fii ba ba muy ñëw, dinaa ko xaar,
lekk ko ! »




Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 9 29/09/2021 15:29


Guddi jot, Lëg dellusi cim xuntam. Waaye ku yeewu la. Mu woote : « Xunt sama, ñëw naa ! »



Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 10 29/09/2021 15:29



Bukkee ngi xaar rekk.





Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 12 29/09/2021 15:29

Bukki di xalaat, naan :
« Lu Lëg di wax ak xunt
mi nii ? »




Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 13 29/09/2021 15:29

Lëg dellooti ne :
« Xunt sama, dama ne nga wuyu ma su ma dellusee.
Boo ma wuyuwul, ma dem fanaani feneen ! »



Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 14 29/09/2021 15:29





Bukki xalaat, ne :
« Feek maa ngi fi, xunt mi du wuyu Lëg, te kon Lëg dina dem. »



Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 17 29/09/2021 15:29





Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 18 29/09/2021 15:29

Noonu, Bukki daldi yuuxu :
« Lëg, yegsil ! Jàmm rekka fi yendu ! »





Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 19 29/09/2021 15:29

Waaye Lëg ni tekk, gësëm nopp ya, ne : « Xunt muy wax ? Kenn mësu koo gis ! Boo demee, Bukki



Le lièvre et l'Hyène Wolof-Interieur.indd 20 29/09/2021 15:29





Noonu, Lëg ni teqet ree, daldi fëx dem yoonam, bàyyi fa Bukki, mu ni yàcc.